



# DWA POU FÈ APÈL/REKONSIDERE DESIZYON ADMINISTRATIF AK PWOSEDI POU POTE PLENT

Gendelè yon elèv ka santi li pa merite yon pinisyon/sanksyon yo ba-li. Pifò pwoblèm ka regle si elèv-la pale ak pwofesè oswa ak manm pèsonnèl ki konsènen-an. Si elèv-la pa santi li alèz ak moun-sa li ka mande yon reyinyon ak otorite konpetan ki vin sou tèt moun-sa-a. Elèv-la gen dwa mande pou yon twazyèm moun chita nan reyinyon-an tankou yon konseye, soudirektè, yon lòt manm pèsonnèl, yon tradiktè, yon entèprèt oswa yon avoka. Fanmi andwa prezan nan reyinyon-an.

Si apre diskisyon pwoblèm-nan pa rezoud, elèv-la gen dwa fè demach sa-yo:

1. Elèv-la dwe ekri Direktè lekòl-la (principal) yon lèt avèk yon deklarasyon, nan senk (5) jjou apre dènye konferans-la (reyinyon-an). Lèt sa esplike sa ki te pase, ki lè sa te pase, ki moun ki te enplike nan sitiyasyon an, epi ki sa elèv-la vle yo fè pou rezoud pwoblèm-lan. Yon kopi lèt avèk deklarasyon an dwe klase epi konsève nan dosye edikasyon. Direktè a oswa administratè a ki okouran plis de ensidan an, gen 5 jou lekòl pou bay elèv-la yon repons ekri.
2. Si pwoblèm-lan pa rezoud nan senk (5) jou lekòl apre ou resevwa repons ekri de lekòl-la, elèv-la/paran kapab ekri Direktè a/reprezantan deziyen nan ofis *Office of Service Quality*, pou mande yon randevou. Yon kopi premye lèt-la avèk deklarasyon ou fè epi repons lekòl-la, si ou te resevwa youn, dwe akonpaye lèt demand randevou.

**Nan ka lekòl Charter:** Si pwoblèm-nan pa rezoud nan senk (5) jou lekòl apre ou resevwa repons ekri de lekòl-la, elèv lekòl Charter/paran dwe fè yon demand alekri pou mande yon reyinyon avèk Governing Board-la (Komite direksyon).

## Demach 3 rive 5 ki anba a pa aplikab pou elèv lekòl Charter.

3. Lè li resevwa lèt-sa, Direktè a/reprezantan deziyen nan biwo Office of Service Quality, va fè yon reyinyon avèk elèv Distrik-la epi manman oswa papa (ou toulede) nan senk (5) jou lekòl. Moun oswa plizyè moun ki konsènen avèk pwosedi apèl pou rekonsidere desizyon administratif, Direktè lekòl-la, elèv Distri a, manman oswa papa (ou toulede), epi reprezantan paran chwazi dwe prezan nan reyinyon an. Avoka gen dwa prezan kòm reprezantan swa elèv Distri-a/manman oswa papa (ou toulede) ak/oswa lekòl-la. Direktè-a/reprezantan deziyen nan ofis *Office of Service Quality* gen senk (5) jou lekòl apre dat reyinyon-an pou voye yon repons ekri bay elèv Distri a ak paran-li.
4. Apre li fin fè tout demach-sa-yo, si elèv Distrik-la/paran pa satisfè toujou, yo gen dwa pote pwoblèm-lan nan biwo Sipèrentandan-an/anplwaye ki deziyen epi swiv pwosedi ki esplike anwo a.
5. Sipèrentandan-an/anplwaye ki deziyen va fè yon lòt reyinyon pou chache solisyon ak eseye rezoud pwoblèm-la. Apre dat reyinyon-la, Sipèrentandan-an/anplwaye ki deziyen gen senk (5) jou lekòl pou voye yon repons ekri bay elèv-la. Desizyon Sipèrentandan an/anlwaye ki deziyen se yon desizyon final pou tout rekèt apèl (appeal) kenepòt sanksyon ki fikse pou mwens pase dis (10) jou sispansyon. Pou rekèt apèl sispansyon dis (10) jou, elèv Distri a/paran gen dwa ale devan School Board pou konteste desizyon an; soumèt yon rekèt nan ofis Sipèrentandan an.
6. Yon elèv dwe fè tan sispansyon-li annatandan dezizyon otorite konpetan ki resevwa rekèt apèl-la. Si elèv-la ganyen kòz-la, yo dwe pote koreksyon nesesè nan dosye elèv-la epi wete tout endikasyon sispansyon epi tout absans-yo kounyea ap repòte kòm absans "ki ekskize," pou tan ki an diskisyon. Konsilte Seksyon I, osijè devwa ratrapaj (make-up work.)